# Xalqımızdı razı etiw ushın kóp ter tógiwimiz kerek

Image not found or type unknown

Shavkat Mirziyoev Qashqadárya wálayatına saparın jańadan shólkemlestirilgen Kókdala rayonınan basladı. Bul jerde toqımashılıq klasterinde jańa rayonnıń belsendileri menen ushırasıw bolıp ótpekte.

Mámleketimiz basshısı usınday Ullı Ramazan ayında kórisip turǵanınan quwanıshlı ekenin ayrıqsha atap ótip, Qaraqalpaqstannan keyin ekinshi bolıp Qashqadáryaǵa kelgeniniń biykar emesligi, wálayatqa úlken rejeler menen kelgenin bildirdi.

«Zamanımız jedellik penen ótip atır. Qáwipli dáwirde jasap atırmız. Álbette, Qashqadáryanıń batır, márt xalqı bar. Biraq jasaw sharayatı boyınsha tilekke qarsı bul wálayat arqada.

Usınday ullı sárkardaları, jer astı baylıǵı bar wálayatta xalıqtıń bunday sharayatta jasawı nadurıs.

Xalqımızdı razı etiw ushın kóp ter tógiwimiz kerek. Bul awır hám mashaqatlı jumıs. Wálayatqa úlken aqsha menen keldim, pul tabıw ańsat emes. Biraq bul puldıń nátiyjeli, xalıq ushın paydalı bolıwı ushın qatań tártip hám aqıl menen jumıs islewimiz kerek»,-dedi Shavkat Mirziyoev.

**Qaraqalpaqstan xabar agentiligi**